

# Dwa ak Responsabliteki pa rezidansyèl yo pou Kliyan National Grid nan Eta New York

## Long Island

Antanke kliyan National Grid k ap resewva sèvis ki pa rezidansyèl nan eta New York, ou gen kèk dwa ak responsablite. Bwochi sa a rezime dwa w yo, ansanm ak responsablite w ak obligasyon w yo.

Si nenpòt bagay ki nan bwochi sa a pa klè, ou ka rele Sèvis Kliyantèl la nan **1-800-930-5003**, Lendi-Vandredi, 8 a.m.-8 p.m., pou diskite sou enkyetid ou yo. Tarif nou an disponib pou revize nan katye jeneral New York Public Service Commission (PSC) nan Albany oswa sou sit entènèt nou an sou **nationalgridus.com**. Ou ka vizite tou youn nan biwo sèvis kliyantèl sa yo, ki ouvri ant 8:30 a.m. ak 5:00 p.m., Lendi jiska Vandredi, eksepte jou ferye yo (si ou gen dout sou ki lè nou ouvri, tanpri rele nou nan **1-800-930-5003**).

### **BELLMORE - 2400 Sunrise Highway BRENTWOOD - 1650 Islip Avenue**

Dwa ak responsablite sa yo prevwa nan Pati 13, Règ nan Souchapit B, Chapit 1, Tit 16 Kòd Règ ak Règleman New York. Pou w konsilte yon reprezantan ki pale Espanyòl ki kapab eksplike w dwa w ak responsablite w yo antanke yon kliyan National Grid, rele **1-800-930-5003**.

### **Aplikasyon pou Sèvis ki Pa Rezidansyèl**

Ou ka aplike pou sèvis la nan telefòn. Men, ou ka mande w pou w ranpli yon aplikasyon alekri pou sèvis la. Demann ou an dwe akonpaye de kopi dokiman pwofesyonèl ou yo (Dokiman patenarya oswa dokiman antrepriz, ak papye kay oswa kontra lwaye). Non ki sou demann lan dwe menm avèk non ki sou dokiman pwofesyonèl ou yo. Aprè ou fin resewva yon aplikasyon ki fin ranpli, n ap bay oswa n ap refize sèvis la nan 10 jou, sof si gen kèk sikonstans nou pa ka kontwole ki rive. Si yo refize sèvis la, n ap ba w yon deklarasyon alekri ki gen rezon ki fè nou refize a, kisa ou dwe fè pou w kalifye pou sèvis la ak yon avi sou dwa w pou fè apèl devan PSC. Si w kalifye pou sèvis la, yo ka mande w peye tout kantite lajan ou poko peye epi yo ka mande w pou w konfòme w ak tout lòt responsablite kliyan an jan tarif nou an egzije sa anvan sèvis la kòmanse. Anplis de sa, yo ka mande w pou ban nou non moun ki kontwole aksè ak kontè nou yo.

### **Elijiblite pou Tarif Rezidansyèl yo**

Kèk òganizasyon relijye, fèm, rezidans kominotè jan sa defini nan Lwa sou Ijyèn Mantal la, ak pòs oswa sal yon sosyete san bi likratif ki se yon òganizasyon veteran posede oswa lwe, ka elijib pou bòdwo nan tarif rezidansyèl yo. Tarif rezidansyèl yo ka pi benèfik selon faktè tankou tip (gaz), kantite lajan, ak modèl itilizasyon. Pou w kalifye, National Grid mande prèv elijiblite. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon elijiblite, rele **1-800-930-5003**, Lendi-Vandredi, 8 a.m.- 8 p.m.

### **Politik Depo Sekirite**

**Yo ka mande Nouvo Kliyan** yo pou yo peye yon depo sekirite pou ouvri yon nouvo kont. Depo a p ap depase doub konsomasyon mwayèn yo pandan peryòd 12 mwa ki sot pase yo. Depo a ap masyone sou premye bòdwo mansyèl ou a. Ou ka peye depo ou a an twa vèsman — 50% an avans ak balans lan an de vèsman mansyèl.

**Yo ka mande Kliyan** ki te la deja yo pou yo peye yon depo si kont lan gen det ki potko peye, si kliyan an te fè yon demann pou reyòganizasyon oswa fayit oswa si yo faktire pou sèvis yo bay nan ekipman falsifye oswa (lè gen prèv ki fyan ki egziste) si gen plis chans pou yo pa peye frè sèvis ki faktire yo.

Depo Sekirite p ap depase de fwa itilizasyon mwayèn chak mwa. Nan ka kote kliyan ki genyen yon konsomasyon ki varye anpil, kantite lajan an ka doud fwa pri konsomasyon mwayèn mansyèl ou ou a pandan sezon pwent lan.

Pou kliyan ki te la deja ki gen yon istorik bòdwo ki gen 12 mwa oswa plis , kantite lajan Depo Sekirite a ap baze sou istorik bòdwo a.

Pou kliyan ki gen yon istorik bòdwo ki gen mwens pase 12 mwa, kantite lajan depo a ap baze sou istorik bòdwo kliyan an, oswa sou istorik kliyan an ki te la anvan an, depi pa te gen okenn chanjman enpòtan nan itilizasyon an.

Yo ka peye Depo Sekirite a sou fòm lajan kach, chèk, lèt kredi ki pa revokab ak kosyonman. National Grid peye enterè sou depo yo peye atravè lajan kach oswa chèk yo. Depo yo fèt ak yon to enterè PSC a fikse . Enterè yo ap kredite chak ane toutotan nou kontinye konsève depo a.

Y ap revize depo a aprè yon ane pou asire kantite lajan depo a koresponn avèk itilizasyon aktyèl la. Si diferans lan plis pase 25%, yo ka mande genyen yon depo siplemantè ki fèt, oswa yon montan pasyèl ki ranbouse. Lè sa a, yo egzamine depo yo chak de zan oswa nan sitiyasyon kote ou fè yon demann.

Yo kenbe depo yo pandan twazan toutotan ou peye bòdwo yo atan, ou peye yo nèt, epi pa gen okenn kondisyon finansye negatif ki egziste. N ap ranbouse yon depo lajan kach, plis enterè, nan 30 jou konsekitif, aprè yo fin kredite tout montan bòdwo ki potko peye. Yo retire opsyon ki pa lajan kach yo sou kont la.

### **Politik Relve Kontè ak Bòdwo**

Nou responsab pou nou bay sèvis gaz ak/oswa kouran pou kliyan nou yo yon fason ki fyan epi pou faktire kliyan yo avèk presizyon pou sèvis yo itilize a.

Ou menm, antanke kliyan nou, ou responsab pou w fè aranjman pou w gen aksè ak kontè nou yo epi ou gen yon obligasyon pou w peye bòdwo sèvis piblik ou yo nèt epi atan. Men kèk pwèn enpòtan nan règleman ak pwosedi bòdwo nou yo:

**Lè Pou Peye** - Bòdwo National Grid yo egzijib epi peyabdepi resewva yo. Yo konsidere yon pèman anreta nan yon peryòd 23 jou aprè yo fin voye bòdwo a ba ou. W ap wè yon dat sou bòdwo sèvis ou a ki di w nan ki dat ou dwe peye bòdwo a pou evite pèman anreta.

**Ki kote Pou Peye** - Pèman yo ka fèt pa lapòs, nan ajanspeman ki nan zòn sèvis nou an, atravè Online Bill-Pay, oswa pa retrè otomatik nan kont labank ou (Debi Dirèk). Ou kapab tou peye bòdwo w an pèsòn nan nenpòt nan de sant sèvis kliyan nou yo:

### **BELLMORE - 2400 Sunrise Highway BRENTWOOD - 1650 Islip Avenue**

Lè w ap peye pa lapòs, tanpri revoye pati ki anlè bòdwo a ansanm avèk chèk ou a. Tanpri pa voye lajan kach. Ou dwe voye pèman an nan: **National Grid, PO Box 11791, Newark, New Jersey 07101-4791**. Lè w ap peye an pèsòn, tanpri pote tout bòdwo ou a. Pou peye pa lapòs, sèvi ak anvlòp pou revoye ki tou ajoute nan bòdwo sèvis ou a. Pou plis enfòmasyon, vizite **nationalgridus.com**. Ou ka fè yon pèman tou lè w rele **1-800-930-5003**.

### **Kontni Bòdwo yo**

Tout bòdwo sèvis nou yo genyen enfòmasyon sa yo:

- 1 Non konpayi nou an ak kote biwo prensipal nou an ye.
- 2 Klasifikasyon sèvis (tarif) nou ap faktire w la.
- 3 Non ou, nimewo kont ou ak adrès sèvis ou.
- 4 Dat kòmansman ak fen peryòd faktirasyon an.
- 5 Kantite sèvis yo faktire a.
- 6 Kantite frè endividyèl ak frè total yo faktire.
- 7 Yon dat ou dwe peye pou evite frè pèman an reta.
- 8 Yon nimewo telefòn pou rele si w gen yon kesyon soubòdwo w la.

### **Plan Bidjè a**

Si ou vle divize frè enjè yo an pèsòn ki pi egal paseposib sou yon peryòd 12 mwa, National Grid ofri Plan Bidjè a. Plan pèman sa a pa diminye depans enjè jeneral ou yo men li ka ede w jere bidjè ou. Plan sa a disponib pou tout kliyan ki pa rezidansyèl yo, eksepte:

- 1 Kliyan ki gen mwens pase 12 mwa antesedan bòdwo nan lokal la.
- 2 Kliyan sezonnye, akouttèm oswa tanporè.
- 3 Kliyan ki gen reta pèman yo.
- 4 Kliyan ki ka sibi entèripsyon, tanperat ikontwole oswa doub konbistib.
- 5 Kliyan ki, pou nenpòt rezon, te sispann voye bòdwo sou yon plan pèman pwogresif ki te la anvan fen ane plan an, nan 24 mwa ki sot pase yo.
- 6 Kliyan ki gen yon chema konsomasyon ki pa aseprevizib pou yo estime sou yon baz anyèl ak nenpòt degre rezonab nan sètitud.

Plan volontè sa a fèt pou diminye varyasyon nan pèman ki te koze pa modèl sezon an nan konsomasyon. Pou aprann plis oswa konnen si w elijib, rele **1-800-930-5003**, lendi-vandredi, 8 a.m.-8 p.m.

**Relve kontè/Aksè nan kontè a** - Orè lekti nòmal yosoti 8 a.m. rive 5 p.m. nan jou ouvrab yo. Si nou pa kapab ale nan kontè a, nou ap swa estime bòdwo w la oswa, nan kèk ka, n ap fè lòt tantativ pou nou prn relve kontè a.

Si estimasyon yo kontinye, nou gen obligasyon dapre lalwa pou ba ou avi ki fè konnen nou pa kapab ale nan kontè yo e ou gen yon obligasyon pou fè aranjman pou aksè oswa ou dwe sijè a avi adisyonèl ak penalite nan fòm frè ki ka ajoute. nan bòdwo sèvis ou a. Depi ou deja depase kantite maksimòm estimasyon kosekitif ki otorize yo, yo ka ajoute yon frè pèmanan \$100 chak fwa yon genyen yon relve pwogram ki pa pwodui yon relve ki reyèl. Si gen yon pwoblèm pou aksede ak kontè ou a nan yon fason ki regilye, tanpri kontakte nou pou nou kapab aranje yon randevou espesyal oswa sinyale relve ou a nan **1-800-930-5003** oswa **nationalgridus.com**

**Estimasyon Bòdwo**- Si nou pa kapab li kontè w la, ou karesewva yon bòdwo estime. Metòd nou itilize pou estime bòdwo se yon sèvis PSC apwouve epi chak bòdwo estimasyon endike klèman ke frè sèvis yo faktire yo baze sou yon estimasyon. Anpil bòdwo estime yo ap genyen tou avi Aksè a Kontè yo mansyone deja yo.

## Dwa ak Responsablite pou kliyan non-rezidansyèl National Grid nan Eta New York kontinye

**Retounen bòdwo** - Si nou voye ba ou yon bòdwo pou frè ki pa te faki anvan, bòdwo a ap gen yon eksplikasyon sou rezon nou fè pou faki retwoyaktif la. Anplis de sa, kliyan k ap resewva bòdwo retwoyaktif yo pou yon peryòd tan ki depase yon mwa gen dwa pou mande yon deklarasyon bòdwo ki montre kijan frè yo te kalkile epi yo pral ofri opòtinite pou peye sou yon peryòd de tan lè yo antre nan yon Akò Pèman Difere a.

### Akò Pèman Difere

Si ou pa kapab peye bòdwo konplè w la lè li rev enan tèm li, ou ka elijib pou yon Akò Pèman Difere (DPA). Sepandan, yon DPA pa disponib w pou w fè yon depo sekirite. Pou plis enfòmasyon, vizite [ngrid.com/moretime](http://ngrid.com/moretime). Pou jwenn yon DPA, tanpri rele **1-800-930-5003**.

### Egzijans nan sa ki gen pou wè ak Pèman Prensipal

Nou ka mande yon pèman 30% nan kantite lajan pèman anreta w yo, oswa de fwa mwayèn konsomasyon mansyèl ou a (kèlkeswa kantite ki pi plis la), plis nenpòt kantite lajan ki faktire apre yo te voye Avi Debranchman Final la ki nan pèman anreta yo lè yo siyen akò a.

Si nou vizite lokal ou a nan lide pou nou dekonekte sèvis ou a, ou ka fè yon akò nan moman sa a, men pèman ou ka rive jiska 50% pèman anreta w yo, oswa pri kat fwa mwayèn konsomasyon mansyèl ou a, kèlkeswa sa ki pi plis la.

### Pèman ki rete yo

Yo dwe peye balans ki rete a apre pèman ou an nan pèman mansyèl ki egal a pri konsomasyon mwayèn mansyèl la, oswa nan sis pèman mansyèl, kèlkeswa sa ki pi plis la.

*REMAK: Ou pa elijib pou yon DPA si:*

- ou gen resous finansye pou peye bòdwo a; oswa
- ou se yon konpayi piblik oswa yon afilye yon antrepriz; oswa
- ou se yon kliyan sezonnye, akoutèm oswa tanporè, kout tèm oswa tanporè; oswa
- itilizasyon 12 mwa anvandepase yon konsomasyon gaz total konbine de 4,000 tèmik; oswa
- ou dwe lajan nan kad yon Akò Pèman Difere anvan oswa ki deja egziste, oswa ou pa t fè pèman alè dapre yon Akò anvan an anvigè pandan 12 mwa anvan yo.

### Enspeksyon ak Egzamen kontè ak lòt aparèy sèvis piblik

**Dwa pou Enspekte** - Pèsonèl National Grid, oswa ajan k ap aj nan non nou gen dwa pou yo enspekte kontè ak lòt ekipman a tout tan ki apwopriye, depi yo ka founi yon badj idantifikasyon ki genyen foto yo ki konfime yo gen otorizasyon pou fè sa. Yon kliyan ki anpeche oswa ki jennen yon enspeksyon sa a ka resewva yon penalite \$100 pou chak ofans sa yo.

**Devwa pou Enspekte** - Nou gen yon devwa pou fè yon enspeksyonsou teren ekipman nou yo lè nou resewva yon demann rezonab nan men yon kliyan, yon rapò sou posiblite pwoblèm relèvman oswa yon direktiv PSC la. Se obligasyon nou pou nou bay yon enspeksyon konsa nan espas 60 jou apre nou resewva demann lan, sof si sikonstans ki pa depann de kontwòl nou anpeche enspeksyon an fini.

**Kontè gaz inaktif** - Tout lokal ki gen kontè gaz ouvè dwe gen yon kliyan aktif sou kont gaz la. Yo pral fèmen kontè ki louvri nan lokal ki pa gen okenn kliyan responsab, oswa yo pral koupe liy sèvis ki bay gaz nan lokal la. Kliyan ki sispans sèvis yo ta dwe planifye yon randevou pou fèmen kontè a.

### Pèman an Reta ak Lòt Frè

Nou ka enpoze yon frè kontinyèl pou pèman an reta yo nan yon tarif 1.5 pousan pa mwa sou balans ki poko peye bòdwo sèvis sot pase yo, nenpòt frè pèman anreta ki poko peye te aplike nan bòdwo anvan yo, depo sekirite, kantite lajan ki pa t faki anvan kote sèvis yo te bay nan ekipman falsifye oswa balans lan dwe nan kad yon Akò Pèman Difere.

Nou ka enpoze tou yon chaj rezonab pou lòt rezon legal, tankou jere yon chèk ki pa genyen pwovizyon, retabli sèvis, depans kliyan oswa echèk kliyan pou bay aksè a mèt oswa lòt ekipman Konpayi.

### Avi final pou Rezilyasyon, Pwosedi kote yo Kanpepi Aktive sèvis yo

Si ou pa peye bòdwo ki te vin pase yo, nou ka kanpe sèvis ou apre nou fin bay avi obligatwa a. Sepandan, kèk kliyan ki pa rezidansyèl yo kalifye pou pwoteksyon espesyal Lwa sou Pratik Ekita Enèji Domestik (HEFPA). Pou konnen si w kalifye pou pwoteksyon sa yo, tanpri kontakte nou.

**Avi final pou Rezilyasyon** - Yo ka voye yon avi final pou rezilyasyon si bòdwo w la pa peye epi 23 jou pase depi dat li te voye a. Si yo bay ou pèsonèlman yon Avi final Rezilyasyon, sèvis la ka kanpe nan yon peryòd senk jou; si yo voye Avi final la Rezilyasyon an pa lapòs, sèvis la ka kanpe nan yon peryòd uit jou apati dat yo voye li a. Avi a pral di w pou ki kantite lajan yo ka kanpe sèvis ou yo, dat ki pi bonè sèvis la ka kanpe a, kijan ou ka kontakte nou pou diskite sou pèman bòdwo a ak ki pwosedi (tou de National Grid ak PSC) ki disponib si ou gen yon plent oswa santi ka gen yon pwoblèm ak bòdwo w la.

**Rezilyasyon Sèvis** - Nou gen dwa kanpe sèvis yo pou pèman ki pa fèt ant 8 a.m. ak 6 p.m. Lendi jiska Vandredi. Nou pa kapab kanpe sèvis samdi oswa dimanch, yon jou fèt piblik jan sa defini nan Lwa Konstriksyon Jeneral Eta a oswa nenpòt jou ki swa biwo nou yo oswa biwo PSC yo fèmen. Lè sèvis la dwe kanpe, ou gen dwa peye yon reprezantan konpayi an pou evite debranchman an. Men, si ou te peye nou ak yon chèk ki pa genyen pwovizyon nan 24 mwa yo ki sot pase yo, nou gen dwa pou aksepte sèlman yon chèk sètifye, lèt finansye oswa lajan kach kòm pèman. Si sèvis la dwe kanpe apre 3 p.m. nan yon jou

CM4809 (10/24) NYC NONRES

anvan yon jou lè yo entèdi revokasyon sèvis la, reprezantan lokal nou an ap kontakte w epi l ap prepare pou aksepte pèman (tankou chèk pèsonèl) pou evite sispans sèvis la.

### Avi Entèripsyon Sèvis San Avètisman Davans -

Nou ka kanpe sèvis yo san avètisman davans nan sikonstans sa yo:

- 1 Lè yon jans menase sekirite moun, zòn yo oswa ekipman nou yo.
- 2 Lè gen nesosite pou yon reparasyon fèt, chanje oswa amelyore ekipman nou yo.
- 3 Lè gen yon demann gouvènman ki mande nou fè sa. National Grid pral, sepandan, eseye avèti kliyan nou yo (lè rezonab posib) anvan entèripsyon sa yo.

**Retablisman Sèvis yo** - Si yo fèmen sèvis ou a paske w pa peyebòdwo yo, si w pa bay aksè a kontè nou yo oswa yon vyolasyon tarif nou an, n ap retabli sèvis la nan espas 24 èdtan apre w fin peye bòdwo a, ou te antre nan yon Akò Pèman Difere, te fè aranjman satisfèzan pou ba nou aksè oswa korije kondisyon ki konstitye vyolasyon tarif yo. Si nou pa kapab retabli sèvis akòz sikonstans ki pa depann de nou, nou ap retabli sèvis yo nan yon peryòd nan 24 èdtan apre sikonstans sa yo rezoud.

### Enfòmasyon Enpòtan pou Pwopriyete yo

Dapre lalwa, lokatè yo oblije peye sèlman pou gaz natirèl yo itilize a. Pafwa kontè elektrik oswa gaz natirèl lokatè a anrejistre tou gaz natirèl yo itilize deyò kay lokatè a. Yo rele sa yon sityasyon kote genyen yon "kontè pataje". Yon lokatè yo faktire pou yon kondisyon pataje dwe ranbouse dapre lalwa ak/oswa, nan sèten kondisyon, avèk apwobasyon nou, yon lokatè ka antre nan yon akò mityèlman akseptab ak pwopriyete kay yo pou rezoud sityasyon an.

Pou detèmine si yon kondisyon kontè pataje ka egziste, nou pral bezwen aksè nan apatman an, mèt yo ak nenpòt zòn komen nan batiman an. Lalwa egzije National Grid pou bay tout pati ki konsène yo yon notifikasyon alekri sou yon ankèt ki annatant ak detèminasyon an. Si pwopriyete a pa kolabore ak demann nou an pou mennen ankèt, sa ka toujou lakòz nou detèmine yon sityasyon kote genyen yon "kontè pataje". Si pwopriyete a pa pran okenn aksyon nan yon delè 120 jou apre yon detèminasyon "kontè pataje", lalwa egzije pou National Grid etabli yon kont nan non pwopriyete a pou tout sèvis alavni ki mezire sou kontè pataje a jiskasko yo satisfè kondisyon kòm sadwa. Nan sèten sikonstans, mèt kay la ka voye bòdwo pou lòt chaj, kote sa aplikab, kèlkeswa si sityasyon an korije oswa ou pa.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kontè pataje sou [nationalgridus.com](http://nationalgridus.com) oswa lè w rele **1-800-930-5003**.

### Pwosedi pou Trete Plent yo

Kontakte National Grid pi vit posib si w gen nenpòt plent, kesyon oswa pwoblèm sou sèvis ou a. Ou gen dwa pou w jwenn yon repons rapid epi reprezantan National Grid yo disponib pou ede w nan **1-800-930-5003**, Lendi-Vandredi, 8 a.m. - 8 p.m. Sèvis jans disponib 24 èdtan pa jou, chak jou. Si w pran sant gaz, tanpri rele **911** oswa **1-800-490-0045**.

Reprezantan sèvis kliyan nou yo pral fèpi byen yo pou ou kipe demann ou an san pèdi tan ak konsiderableman. Sepandan, si repons oswa detèminasyon reprezantan nou an pa satisfè, tanpri mande pou yon sipèvizè revize demann ou an oswa plent ou a.

Si nou pa an mezi pou nou ede w, ou ka kontakte Komisyon Sèvis Piblik New York la anliy (New York Public Service Commission) sou [dps.ny.gov/complaints](http://dps.ny.gov/complaints), lè ou rele **1-800-342-3377** (nimewo gratis), 8:30 a.m. - 4 p.m. Lendi- Vandredi, oswa pa imèl: New York Public Service Commission, Empire State Plaza, Albany, NY 12223. Reprezantan konsomatè PSC pral mennen ankèt sou plent ou a epi ap pran yon desizyon. PSC gen tou yon liy dirèk jans espesyal pou kliyan rezidansyèl yo ak kliyan ki pa rezidansyèl yo ak sèvis yo bay inite rezidansyèl yo. Nimewo liy dirèk la se **1-800-342-3355** epi li genyen pèsonèl ki disponib ant 7:30 a.m. ak 7:30 p.m. nan jou ouvrab yo.

Pandan PSC ap egzamine plent ou a, nou pa ka kanpe sèvis ou a si ou pa peye yon montan ki an litij oswa pou nenpòt lòt rezon ki se sijè plent la. Nou gen dwa, sepandan, mete fen nan sèvis pou pèman ki pa fèt nan kantite lajan bòdwo ki pa nan litij oswa pou lòt rezon valab ki pa nan pwoblèm nan plent la.

**National Grid, 2 Hanson Place, Brooklyn, NY 11207**  
**Lendi-Vandredi 8 a.m. - 8 p.m. | [nationalgridus.com](http://nationalgridus.com)**



Eskane kòd QR la pou w kapab wè fòmilè sa a nan lang sa yo: Arab, Bengali, Chinwa, Kreyòl ayisyen, Polonè, Ris, Oudou ak Yiddish

### This is an important notice. Please have it translated.

Este é um aviso importante. Quiera mandá-lo traduzir.

Este es un aviso importante. Por favor, hágallo traducir.

Avis important. Veuillez traduire immédiatement.

Questa è un'informazione importante, si prega di tradurla.

Это очень важное сообщение.

Пожалуйста, попросите чтобы вам его перевели.

Đây là một thông báo quan trọng. Xin vui lòng dịch thông báo này.

這是一個重要的通知。請翻譯一下。

Sa a se yon avi enpòtan. Tanpri, fè li tradwi.

סוצערעביא עטיב. גאַזאַנאָ עקספּליאַציע אָ דזיא אָדאָ